




Kesyon pou Poze Ekip Swen Sante w Konsènan Kansè Po

Si w panse ou ta ka gen kansè po oswa ou a risk pou li, ou ka gen anpil kesyon men ou pa sèten kijan pou poze yo. Men kèk kesyon ou ta ka vle poze doktè w oswa enfimyè w. Se pa tout kesyon sa yo kap aplike pou ou, men yo ka ede w kòmanse.

Kesyon pou poze sou risk ou genyen pou fè kansè po

- Ki risk mwen genyen pou fè kansè po?
- Kisa mwen ka fè pou ede diminye risk mwen genyen pou fè kansè po?
- Ki krèm ak lòt pwodwi pwoteksyon kont solèy ou rekòmande?
- Kijan pou mwen verifye po mwen lakay mwen? Ak chak kilè mwen ta dwe fè li?
- Kisa mwen ta dwe chèche lè m ap fè yon verifikasyon sou po?
- Kisa mwen ta dwe fè si mwen jwenn yon bagay nouvo oswa chanjman sou po mwen?
- Chak kilè w ap bezwen verifye po mwen?



Kesyon pou poze si yo dyagnostike w ak yon kansè po

- Poukisa ou panse mwen gen kansè po?
- Èske ou ka tanpri ekri tip kansè po mwen genyen an?
- Èske m ap bezwen fè nenpòt lòt tès?
- Si wi, ki moun ki pral fè tès sa yo? Ki kote yo pral fèt?
- Kijan ak kilè mwen pral jwenn rezulta yo?
- Èske nou dekouvrri kansè sa a bonè?
- Èske kansè a devlope byen fon nan po a oswa pwopaje?
- Eske w konnen stad ak gwoup risk kansè a?
- Si ou pa konnen, kijan ak kilè ou pral konnen konnen faz ak gwoup risk kansè a?
- Kisa stad ak gwoup risk la vle di pou mwen?
- Kisa k ap rive apre?

Kesyon pou poze lè w ap deside sou yon tretman

- Èske map bezwen wè nenpòt lòt doktè?
- Ki tretman ou panse ki pi bon pou mwen?
- Ki objektif tretman sa a? Èske w panse li ka geri kansè a?
- Ki jan tretman pral ye? Ki kote li pral fèt? Konbyen tan li pral pran?
- Konbyen tretman mwen an pral koute? Èske asirans mwen an ap kouvri li?
- Èske m ap anfòm si yo jis retire kansè an san okenn lòt tretman?
- Ki efè segondè mwen ka genyen nan tretman sa yo?
- Èske mwen pral gen yon sikatris? A kisa l ap sanble?
- Èske gen yon esè klinik ki ta ka bon pou mwen?
- Ki enfòmasyon ki genyen sou vitamin espesyal oswa alimantasyon ke zanmi m yo palem yo? Kijan mwen pral fè konnen si yo san danje?
- Nan konbyen tan mwen dwe kòmanse tretman?
- Kisa mwen ta dwe fè pou mwen pare pou tretman?
- Èske gen yon bagay mwen ka fè pou ede tretman an mache pi byen?
- Kisa ki pwochen etap la?

Kesyon pou poze apre ou fini ak tretman an

- Ki posibilité pou kansè po a retounen? Kisa n ap fè si sa rive?
- Ki posibilité pou m gen kansè po ankò? Kisa mwen ta dwe siveye?
- Èske mwen ta dwe pran prekosyon espesyal pou evite ekspozisyon ak solèy la? Kijan mwen ta dwe fè sa?
- Èske manm fanmi mwen a risk pou fè kansè po? Kisa mwen ta dwe di yo fè?
- Chak kilè mwen ta dwe fè tchèkòp pou verifye si pa gen lòt kansè po?
- Èske m ap bezwen fè lòt tès swivi, epi chak kilè m ap bezwen fè yo?



Pou plis enfòmasyon, vizite sit entènèt American Cancer Society nan cancer.org/skincancer oswa rele nou nan **1-800-227-2345**.



cancer.org | 1.800.227.2345

©2024, American Cancer Society, Inc.
No. HAI081905 Rev. 12/24
bbb.org/charity

